



## Vin patisce nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè!

Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou envite w patisce avèk nou nan youn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo k ap gen pou fèt sou admisyon nan lekòl segondè nan Vil nouyòk! Nou ankouraje tout fanmi ki gen timoun nan klas 8yèm ane pou patisce. Pwosesis admisyon nan lekòl segondè a ap ouvri **madi 7 oktòb 2025**.

Pandan sesyon sa yo, w ap aprannn kòman pou eksplor lekòl segondè ak pwogram, kreye yon aplikasyon ki balanse, kòman pou enskri pou egzamen Lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) a, kòman pou fè odisyon pou pwogram art yo, ak kòman yo fè òf yo. Aprè chak prezantasyon, n ap reponn kesyon ou genyen.

### Orè aktivite yo:

- **Mèkredi 8 oktòb, 5pm pou 6pm | Aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè:** Yon rezime pwosesis admisyon an, depi kòman pou ale nan kont MySchools ou a rive nan meyè estrateji pou ranpli aplikasyon an. Sesyon an ap fèt nan lang Anglè epi ap gen entèpretasyon nan lang: Bangla, Chinwa (Mandaren), Fransè, Ikreñen ak Lang an siy Ameriken (American Sign Language, ASL).
- **Jedi 9 oktòb, 5pm pou 6pm | Lekòl segondè espesyalize ki mande egzamen:** Kòman pou enskri pou pran egzamen SHSAT, kòman pou prepare pou pran egzamen dijital SHSAT la ak kòman lekòl sa yo fè òf. Sesyon an ap fèt nan lang Anglè epi ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Bangla, Ris, Panyòl ak ASL.
- **Madi 14 oktòb, 6pm pou 7pm | Aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè.** Sesyon an ap fèt nan lang Anglè epi ap gen entèpretasyon nan lang: Albanyen, Arab, Kreyòl Ayisyen, Oudou ak ASL.
- **Mèkredi 15 oktòb, 5pm pou 6pm | Sesyon jeneral sou admisyon nan lekòl segondè pou elèv ki gen andikap.** Sesyon an ap fèt nan lang Anglè epi ap gen entèpretasyon nan lang: Bangla, Chinwa (Mandaren), Ris, Panyòl ak ASL.
- **Jedi 16 oktòb, 5pm pou 6pm | Aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè nan lang Panyòl.**
- **Jedi 23 oktòb, 5pm pou 6pm | Aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè nan lang Chinwa (Mandaren).**



- **Vandredi 24 oktòb, 3pm pou 4pm | Aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè.** Sesyon an ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Koreyen, Ris, Panyòl ak Ouzbèk.
- **Jedi 30 oktòb, 6pm pou 7pm | Lekòl segondè espesyalize ki mande egzamen:** Sesyon an ap fèt nan lang Anglè. Gen entèpretasyon disponib nan: Chinwa (Mandaren), Fransè, Koreyen, Oudou akASL.

#### KÒMAN POU PATISIPE NAN NENPÒT SESYON:

- Chak aktivite ap fèt andirèk (live). Klike la a <https://bit.ly/2025FallHSEvents> pou patisipe avèk nou sou Zoom nan lè aktivite a ap kòmanse a.
- ID Webinar: 990 1261 6744  
Kòd: 123456 oswa
- Pou odyo nan telefòn:  
US+ 16469313860  
Liy konferans: 99012616744#  
Kòdpas 123456#

**Remak enpòtan:** ale sou <schools.nyc.gov/HS> kote w ap jwenn nimewo telefòn pou rele pou mande entèprèt nan chak lang.

N ap tann pou w patisipe avèk nou nan aktivite nou yo epi nou ankouraje w rete branche, <schools.nyc.gov/HS>.

Nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan [HSEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:HSEnrollment@schools.nyc.gov).

Avèk senserite,

Ekip admisyon lekòl segondè a  
Biwo enskripsyon elèv



**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan <schools.nyc.gov/SignUp>.

Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).